**दिन—शुक्र** **दिनांक—12.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल जनगणना दू हजार सत्ताईसक लेल एगारह हजार सात सय अठारह करोड़ टाकाक बजट के स्वीकृति देलक अछि। सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ नव दिल्ली मे कैबिनेटक बैसकक बाद संवाददाता सभ सँ गपशप मे ई जनतब देलनि। ओ जनौलनि जे जनगणना दू चरण मे कराओल जायत। ई देशक सोलहम आ आजादीक बाद सँ आठम जनगणना होयत आ एकर अंतर्गत जातिगत गणना सेहो कराओल जायत। श्री वैष्णव जनौलनि जे ई देशक पहिल डिजिटल जनगणना होयत।

---

भारतीय विमानपत्तन प्राधिकरणक महाप्रबंधक भूदेव सरकार कहलनि जे सोलह दिसम्बर सँ पटना हवाई अड्डा सँ विमानक परिचालन सामान्य भऽ जायत। पटना हवाई अड्डा पर संवांददाता सँ गपशप मे श्री सरकार कहलनि जे इंडिगो उड़ान संकट सँ उत्पन्न स्थिति आब सामान्य भऽ रहल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ नवादा जिलाक रजौलीक चिरैला गाम स्थित बियाडाक निर्माणाधीन औद्योगिक क्षेत्रक निरीक्षण कयलनि। श्री कुमार रजौलीक फुलवरिया मे बनि रहल फ्लोटिंग सोलर वाटर प्लांटक निरीक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री जीविका दीदी सभ सँ संवाद कऽ हुनक रोजगारक संबंध मे सेहो जनतब लेलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो उपस्थित छलाह।

---

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ पटना मे भूमि सुधार जनकल्याण संवाद अभियान प्रारंभ कयलनि। ओ कहलनि जे एहि अभियानक उद्देश्य

भूमि सँ जुड़ल सभ सेवा के पारदर्शी, आसान आ समयबद्ध तरीका सँ उपलब्ध करायब अछि। श्री सिन्हा कहलनि जे ई संवाद कार्यक्रम अगिला सय दिन धरि राज्यक प्रत्येक जिला मे आयोजित कयल जायत।

———————————————————————————

सामान्य प्रशासन विभाग भारतीय प्रशासनिक सेवाक चारि अधिकारी सभक तबादला कऽ देलक अछि। एहि मे दू के अतिरिक्त प्रभार सौंपल गेल। राजीव रौशन के नवगठित उच्च शिक्षा विभागक पहिल सचिव बनाओल गेल अछि। युवा, रोजगार आ कौशल विकास विभागक पहिल सचिव के रूप मे कौशल किशोर के जिम्मेदारी देल गेल अछि। ओतहि, नागर विमानन विभागक विशेष सचिवक रूप मे निलेश रामचन्द्र देवरेक नियुक्ति कयल गेल अछि।

———————————————————————————

आर्थिक अपराध इकाई–ईओयू आई पाटलिपुत्रा सेंट्रल को–ऑपरेटिव बैंकक विकास पदाधिकारी भावेश कुमार सिंह के पटना आ गोपालगंज स्थित छओ ठेकान पर छापामारी कयलक। ईओयूक डीएसपी सुनील कुमार जनौलनि जे बिहटा स्थित हुनक राईस मिल सँ चालीस लाख टाका, लाखो टाका मूल्यक आभूषण आ जमीन आओर निवेशक कतेको दस्तावेज बरामद कयल गेल अछि।

———————————————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम रोहतास जिलाक अकोढ़ीगोलाक प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी कार्यालय मे पदस्थापित डाटा इंट्री ऑपरेटर चंदन कुमार शर्मा के चौदह हजार टाका घूस लैत मौके पर गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार कर्मी एक शिक्षक सँ वेतन निर्धारण करबाक बदला मे घूस लऽ रहल छल।

———————————————————————————

बिहारक वैभव सूर्यवंशी यूथ क्रिकेटक वन डे मैचक एक पारी मे सभ सँ बेसी चौदह छक्का लगेबाक विश्व रिकॉर्ड बनौलनि अछि। ओ ऑस्ट्रेलियाक खेलाड़ी माइकल हिल के रिकॉर्ड तोड़लनि जे एक पारी मे बारह छक्का लगौने छलाह। आइ एशिया कप अंडर

नाइनटीन क्रिकेट मे संयुक्त अरब अमीरातक विरूद्ध खेलायल गेल मैच मे वैभव सूर्यवंशी चौदह छक्का आ नओ चौकाक मददि सँ एक सय एकहत्तरि रनक शतकीय पारी खेलेलनि।

———————————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभाक पूर्व अध्यक्ष शिवराज पाटिल के आइ नब्बे वर्षक आयु मे निधन भऽ गेल। ओ पछिला किछु दिन सँ बीमार चलि रहल छलाह। हुनक काल्हि अंतिम संस्कार कयल जायत। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सीपी राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला पूर्व केन्द्रीय मंत्री शिवराज पाटिल के निधन पर शोक जतौलनि। राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो हुनक निधन पर शोक संवेदना जतौलनि अछि।

———————————————————————————

सीतामढ़ी जिला प्रशासन मीडिया मे आबि रहल ओहि खबरि के खंडन कयलक अछि जे जाहि मे कहल जा रहल अछि जे जिला मे एचआईवी मरीजक संख्या मे अप्रत्याशित वृद्धि भेल अछि। जिलाधिकारी रिची पांडेय संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे जिला मे वर्ष दू हजार पाँच सँ लऽकऽ एखन धरि छओ हजार नओ सय एचआईवी संक्रमित सभक पहचान भेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।